


KONTAMINASYON RADYASYON VIZAVI ESPOZISYON

KONTAMINASYON EKSTEN



Kontaminasyon estèn fèt lè materyo radyoaktif rantre ankontak ak po, cheve oswa rad yon moun.




KONTAMINASYON ENTEN

Kontaminasyon entèn fèt lè ou vale oswa respire materyo radyoaktif.

Kontaminasyon entèn fèt tou lè materyo radyoaktif rantre nan kò w atravè yon maleng ki louvri.

Diferan kalte materyo radyoaktif ka akimile nan plizyè ògan nan kò w.



ESPOZISYON RADYASYON

Yon lòt mo pou espozisyon nan radyasyon se iradyasyon.

Materyo radyoaktif delivre yon fòm enèji ki vwayaje tankou vag oswa patikil.



Lè yon moun fè yon radyografi, li espoze nan radyasyon men li pa kontamine.



Lè yon moun espoze nan sèten kalte radyasyon, enèji an ka rantre nan kò l.

Yon moun ki espoze nan radyasyon pa blije kontamine ak materyo radyoaktif.

Pou yon moun kontamine, materyo radyoaktif dwe sou kò moun lan oswa annnan kò l.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

<http://emergency.cdc.gov/radiation>